# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRINIŃ BUYRÍĞÍ

**Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministriniń 2021-jıl 13-sentyabrdegi "Qábiletli oqıwshılar arasında pán olimpiadaların ótkeriw sistemasın jetilistiriw hámde shet tillerin oqıtıw boyınsha eń jaqsı mektepti anıqlaw sistemasın engiziw haqqında"ğı 295-sanlı buyrığı haqqında**

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń "Qábiletli oqıwshılar arasında pán olimpiadaların ótkeriw sistemasın jetilistiriw hámde shet tillerin oqıtıw boyınsha eń jaqsı mektepti anıqlaw sistemasın engiziw haqqında"ğı 2021-jıl 9-sentyabrdegi 562-sanlı qararınıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde **buyıraman:**

**1.** Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń "Qábiletli oqıwshılar arasında pán olimpiadaların ótkeriw sistemasın jetilistiriw hámde shet tillerin oqıtıw boyınsha eń jaqsı mektepti anıqlaw sistemasın engiziw haqqında"ğı 2021-jıl 9-sentyabrdegi 562-sanlı qararı (keyingi orınlarda - Qarar)basshılıqqa alınsın hám orınlanıwı támiyinlensin.

**2.** Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministriniń 2021-jıl 13-sentyabrdegi "Qábiletli oqıwshılar arasında pán olimpiadaların ótkeriw sistemasın jetilistiriw hámde shet tillerin oqıtıw boyınsha eń jaqsı mektepti anıqlaw sistemasın engiziw haqqında"ğı 295-sanlı buyrığı basshılıqqa alınsın hám orınlanıwı támiyinlensin.

**3.** Qarar menen:

Ulıwma orta bilim beriw shólkemleri, akademiyalıq licey hám kásip-óner mektepleri oqıwshıları arasında pán olimpiadaların shólkemlestiriw, ótkeriw hám xalıqaralıq olimpiadalar qatnasıwshıların tańlap alıw hám jeńimpazların xoshametlew tártibi haqqındağı reje 1-qosımshağa muwapıq;

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń sawğası ushın **"Shet tillerin oqıtıw boyınsha eń jaqsı mektep"** tańlawın ótkeriw boyınsha tártibi haqqındağı rejesi 2-qosımshağa muwapıq tastıyıqlanğanlığı;

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń "Ózbekstan qábiletli jaslardı sıylıqlaw hám materiallıq xoshametlew haqqında"ğı 2008-jıl 13-oktyabrdegi 226-sanlı qararına 3-qosımshağa muwapıq ózgerisler kiritilgenligi mağlıwmat ushın qabıl etilsin.

**4.** Tómendegiler:

Pán olimpiadalar boyınsha qábiletli oqıwshılar menen islesiw departamenti:

a) tiykarğı olimpiadalardıń joqarı dárejede shólkemlestiriliwi, aymaqlıq hám xalıqaralıq olimpiadalarğa tańlap alıwdıń ádalatlı hám áshkara ótkeriliwin, tańlap alıw basqıshınan ótken talabanlardıń tereń tayarlıqlardan ótkeriliwin támiyilew maqsetinde:

xalıqaralıq hám jergilikli qánigelerdi qamtıp alğan halda tiykarğı olimpiadalardı ótkeriw, aymaqlıq hám xalıqaralıq olimpiadalarğa oqıwshılardı tańlap alıwda paydalanılatuğın qadağalaw materiallar bazasın qáliplestiriw hám bayıtıp barıw;

ulıwma orta bilim beriw mekteplериniń 4-11-klassları arasında oqıwshılardıń bilimlerin sınawdan ótkeriw hám tiykarğı olimpiadalarğa tayarlıq kóriw kónlikpelerin qáliplestiriwge qaratılğan hámde tek xabar kommunikativ texnologiyaları (kompyuter, planshet, telefon hám basqalar) arqalı ámelge asırılatuğın onlayn olimpiadalardı úzliksiz shólkemlestiriliwin jolğa qoyıw;

tiykarğı olimpiadalar hám onlayn olimpiadalardıń barlıq basqıshların ótkeriw boyınsha bahalaw kriteriyaların islep shıǵıw;

b) Ministrler Kabineti janındağı Shet tillerin úyreniwdi en jaydırıw agentligi menen birgelikte Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń sawğası ushın **"Shet tillerin oqıtıw boyınsha eń jaqsı mektep"** tańlawın ótkeriw ilajların kóriw;

d) Kadrlar menen islesiw basqarması penen birgelikte ulıwma orta bilim beriw mákemeleri muğallimlerine, xalıqaralıq olimpiadalar hám tiykarğı olimpiadalardıń respublika basqıshı jeńimpazlarına usı jeńimpazlıqtı qolğa kiritken páninen sabaq bergen muğallimler dizimin (tólem

múddetlerin kórsetken halda) qáliplestirip, belgilengen ústemelerdi qaytadan esaplaw hám tolıq tólep beriw ushın Qarjı departamentine usınıs etiw;

"Innovaciya, texnologiya hám strategiya orayı" MUK:

jeti kún múddette onlayn olimpialar ótkeriletuǵın olympiad.uzedu.uz maǵlıwmatlar bazasın jetilistiriw ilajların kóriw;

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń sawǵası ushın "Shet tillerin oqıtıw boyınsha eń jaqsı mektep" tańlawın ótkeriwge mólsherlengen maǵlıwmatlar bazasın (elektron platforma) islep shıǵıw boyınsha Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministriniń 2020-jıl 14-yanvardaǵı "Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw tarawın rawajlandırıwǵa qaratılǵan joybarlarda belsenlidilik etiw, olardı ámelge asırıw hám qabıllaw tártibin tastıyıqlaw haqqında"ǵı 15-sanlı buyrıǵı tiykarında usınıs kiritiw;

Qarjı departamenti:

Qararda názerde tutılǵan qárejetlerdi 2021-jılda Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligine ajıratılǵan qárejetler sheńberinde, 2022-jıldan baslap Ózbekstan Respublikası Mámleketlik byudjeti parametrlerinde názerde tutıw boyınsha Ózbekstan Respublikası Qarjı ministrligine talapnama kiritiw;

Pán olimpiadalar boyınsha qábiletli oqıwshılar menen islesiw departamenti hám Kadrlar menen islesiw basqarması tárepinen usınıs etilgen dizim tiykarında ulıwma orta bilim beriw mákemeleri muǵallimlerine, xalıqaralıq olimpiadalar hám tiykarǵı olimpiadalardıń respublika basqısh jeńimpazlarına usı jeńimpazlıqtı qolǵa kiritken páninen sabaq bergeni ushın, usı ústemelerdi qararda ornatılǵan tártipte qaytadan esaplaǵan halda, belgilengen tártipte tolıq tólep beriliwin támiyinlew wazıypaları tapsırılǵanlıǵı maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

**5.** Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi janındaǵı Respublikalıq bilimlendiriw orayı (Q.Jubanov), barlıq rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimleri baslıqları, Respublikalıq boysınıwdaǵı bilimlendiriw mákemeleri direktorlarına:

Tiykarǵı pán olimpiadalarınıń mektep, rayon (qala) hám Qaraqalpaqstan Respublikası basqıshların joqarı dárejede sıpatlı shólkemlestiriw hámde pán olimpiadalarınıń ádalatlı, ashıqlıq hám áshkaralıq principleri tiykarında ótkeriliwin támiyinlew;

Olimpiadalardı shólkemlestiriwde qáwipsizlik qaǵıydalarına ámel etken halda oqıwshılardıń olimpiada ótkeriletuǵın orınǵa kelip-ketiwi, oqıwshılardı respublika hám xalıqaralıq olimpiadalardıń tańlap alıw basqıshlarına tayarlaw hám qatnasıwın támiyinlew;

Tiykarǵı olimpiadalardıń úshinshi basqısh jeńimpazların sıylıqlaw ushın belgilengen muǵdardaǵı pul qárejetlerin hár jılı qárejetler smetasında qáliplestiriw wazıypaları júklensin.

**6.** Ministrliktiń málimleme xızmet (T.Dauletmuratov)ne:

Qarardıń orınlanıw barısı, sonday-aq, tiykarǵı hám xalıqaralıq pán olimpiadalarınıń hár bir basqıshınıń ótkeriliw barısı boyınsha keń túrde ǵalaba xabar quralları arqalı já），iyalap barıw usınıs etilsin.

**7.** Usı buyrıqtıń orınlanıwın qadaǵalawdı Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministriniń birinshi orınbasarı w.w.a. Q.Bekbawlievqa júklensin.

**Ministr** **R.Reimov**

Nókis qalası,

2021-jıl 17 - сентябрь

207 -sanlı